

Konnen laverite sou maladi coronavirus 2019 (COVID-19) pou ede sispann pwopagasyon rimè.

## Laverite

### 1

**Maladi yo kapab enfekte nenpòt moun kelkeswa ras epi etnisite yo.**

Moun azyatik, enkli moun chinwa, pa gen plis chans pou tonbe malad avèk COVID-19 pase nenpòt lot moun. Ede sispann laperèz epi fè tout moun konnen moun azyatik pa gen plis chans pou tonbe malad avèk COVID-19 oubyen pwopaje enfeksyon an.

## Laverite

### 2

**Gen kèk moun ki gen yon chans eleve pou tonbe malad avèk COVID-19.**

Moun ki te gen kontak pwoch avèk yon moun ki genyen COVID-19 oubyen moun ki rete oubyen visite resaman yon kote ki gen plizye ka COVID-19 gen yon chans eleve pou tonbe malad.

## Laverite

### 3

**Yon moun ki fini rete lakay apa lòt moun pou 14 jou oubyen ki lage izolasyon pa poze yon risk enfeksyon pou lòt moun.**

Pou enfòmasyon kouran, ale paj maladi coronavirus 2019 sou sit entènèt CDC.

## Laverite

### 4

**Ou kapab ede sispann pwopagasyon COVID-19 si w konnen siy ak sentòm yo.**

- Lafyèb
- Tous
- Souf koupe

**Chache konsey medikal si w:**

- Devlope sentòm **EPI**
- Ou te gen kontak pwoch avèk yon moun w konnen gen COVID-19 oubyen si w rete nan yon zòn ki gen plizye ka COVID-19.

## Laverite

### 5

**Gen aksyon senp ou kapab fè pou kenbe tèt w epi fanmi w an bon sante.**

- Lave men w souvan avèk savon epi dlo pou 20 segonn omwen, espesyalman apre w siye nen w, touse, oubyen etènye; al twalèt; epi anvan w manje oswa kwit manje.
- Evite manyen zye, nen, ak bouch w avèk men sal.
- Kouvri bouch ak nen w lè w touse oswa etènye, epi jete sevyèt/tisi nan fatra a apre w fini.